

28 avril 2020

Chè fanmi,

Tan san parèy n ap viv avèk kriz COVID-19 sa a prezante gwo difikilte ak konba pou tout Nouyòkè, epi nou rekonèt ke sipòte pitit ou nan aprantisaj nan mitan kriz sa a rete yon bagay ki pa piti. Sa fè nou plezi anpil lè nou wè detèminasyon ak rezolisyon nou tout-fanmi 1.1 milyon elèv nou yo - montre pandan nou transfòme sistèm nou an annantye nan aprantisaj adistans. Nou rekonesan pou tout sa wap fè pou sipòte siksè pitit ou pandan n ap fini ane lekòl 2019-2020 nan aprantisaj adistans.

Yon tranzisyon konsa ta ka difisil nan nenpòt ki lè, men nan mitan tout enkyetid ak chòk anpil nan kominote nou yo ap fè eksperyans akòz epidemi an, li te kapab enposib pou nou fè. Menm avèk sa, ou reyisi la pou pitit ou nan tout fason ou kapab, pou sipòte aprantisaj yo malgre ou gen dwa pa konnen ki kote pwochen repa a pral soti, oswa fè fas avèk maladi oswa pèt nan fanmi ou oswa nan kominote ou, oswa nenpòt lòt bagay ki nan ensekirite tan sa a pote a.

Se poutèt sa nou toujou amelyore règleman nou yo pou satisfè moman sa a, devlope ak nan kèk ka reenvante yo totalman pou sipòte nou tout - elèv ak fanmi nou yo. Règleman sa yo soti nan prezans pase nan orè klas rive nan itilizasyon teknoloji ak pi lwen pase sa. Jodi a, n ap ekri sou yon lòt mizajou règleman enpòtan konsènan nòt elèv.

Nòt elèv se yon bagay ki enpòtan pou konprann pwogrè yon elèv nan direksyon pou satisfè nòm ofisyèl aprantisaj, men yo se jis yon fason pou edikatè nou yo mezire ak rekonèt kijan yon elèv ap angaje l nan travay lekòl yo, ak kijan l ap fè pwogrè. Nou dwe asire ke sipò n ap bay elèv nou yo gen ladan pa sèlman sipò akademik, men tou aprantisaj sosyal-emosyonèl, sante ak sekirite, ak byennèt fizik ak mantal, epi pou gen relasyon anplas ki mete aksan sou elèv nou yo ak fanmi yo ak pèmèt yo gen kapasite. N ap bay edikatè nou yo zouti ak ladrès yo bezwen pou konprann ak sipòte elèv nou yo sou plan sosyal ak emosyonèl. Nou pral kontinye kreye resous pou elèv ak fanmi ki mete plis sipò toujou nan kontèks COVID-19 la. Lidè lekòl yo pral aplike règleman sa yo pou yo konsidere elèv ki gen pwoblèm emosyonèl akòz sa yo pèdi, lanmò, pwoblèm sante mantal, oswa elèv ki pat gen aksè yon aparèy oswa koneksyon entènèt tousuit. Nou konnen menm jan ou se patnè nou nan aprantisaj, nou se patnè ou nan sipò emosyonèl pitit ou ka bezwen pandan tan sa a.

Nou te tandè elèv, paran, pwofesè, lidè lekòl, ak anpil lòt moun nan atravè vil la avan nou te pran desizyon pou revize règleman pou bay nòt yo. Nou wè ou, nou tandè ou, epi nou kwè ke règleman final n ap bay la konsantre sou fleksibilite ak pasyans pou elèv yo nan tan san parèy sa a, pandan tou n a kenbe elèv angaje san nou pa penalize yo pou pwoblèm yo ka ap konfwonte. Li kenbe atant klè ki rekonèt eksperyans chak elèv endividyèl, epi kreye yon sistèm ki konsistan, egalego nan tout lekòl yo. Règleman an ap chèche pou minimize estrès fanmi ak elèv, pandan l ap toujou bay pwofesè ane pwochen yo enfòmasyon yo bezwen sou pwogrè chak elèv ap reyalize pou atenn nòm yo.

KISA OU BEZWEN KONNNEN

Règleman sou nòt elèv nou mete pi ba yo ap anvigè pou rès ane lekòl 2019-20 an sèlman. Pwofesè yo ap baze sou nòt final elèv apre yon revizyon global pwogrè yo avan ak apre nou te kòmanse aprantisaj adistans lan. Yo p ap konte prezans kòm yon faktè nan nòt y ap bay elèv. Pa gen elèv ki pral pa pase yon klas.

KLAS	REZIME REGLEMAN POU BAY NÒT
3K & Pre-K	Pa gen chanjman - elèv ki nan 3K ak Pre-K pa resevwa kanè ni nòt.
K - 5yèm ane	Elèv ap resevwa nòt final swa "Satisfè Nòm ofisyèl" (MT) oswa "Bezwen Amelyorasyon" (N).
6yèm - 8yèm ane	Elèv ap resevwa nòt final "Satisfè Nòm ofisyèl" (MT), "Bezwen Amelyorasyon" (N), oswa "Kou an Pwogrè" (NX), si gen plis tan ki nesèsè pou yo fini kou a.
9yèm - 12yèm	Lekòl ap aplike echèl nòt ki deja egziste nan lekòl la, men yo pap bay okenn nòt ki pa pase yon elèv. Y ap make yon "Kou an Pwogrè" (NX) de preferans, pou bay elèv yo plis tan pou ranpli kondisyon pou kou a. Apre nòt final yo fin bay la, elèv ak fanmi gen opsyon pou yo fè nenpòt oswa tout nòt final ki te pase elèv pou semès Prentan 2020 an tounen 'CR' ki vle di elèv la pase kou a, li resevwa kredi a, men li pa gen yon valè nan GPA elèv la.

DOE ap kontinye devlope plan pou pwogram ak sipò pandan mwa ete yo. Plis enfòmasyon sou lekòl ete a pral disponib apati lekòl ou a epi y ap pataje yo nan semèn k ap vini yo.

SI W GEN NENPÒT KESYON

Pou lekòl primè ak lekòl presegondè, direktè yo pral jeneralman sèvi kòm pwen prensipal pou reponn fanmi kesyon konsènan règleman sou nòt elèv yo.

Pou lekòl segondè, konseye lekòl yo ak konseye kolèj yo pral jeneralman sèvi kòm pwen prensipal pou reponn elèv ak fanmi kesyon konsènan règleman sou nòt pou elèv, ansanm avèk direktè lekòl yo. Si ou bezwen èd pou idantifye konseye lekòl la oswa konseye kolèj la, tanpri kontakte direktè lekòl ou a (ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte direktè lekòl la sou sit entènèt lekòl ou a nan <https://www.nycenet.edu/schoolsearch>).

Tanpri gade tou dokiman Kesyon yo poze souvan pou plis enfòmasyon nan <https://www.schools.nyc.gov/learn-at-home/information-on-remote-learning>. Nou pran angajman pa sèlman pou sipòte elèv pou kontinye aprantisaj yo nan mwa jen an ak apre, men tou pou sipòte ou kòm patnè prensipal nou nan edikasyon pitit ou a. Nou konnen ou te gen anpil kesyon epi w ap fè fas avèk anpil pwoblèm nan tranzisyon sa a; ou te oblije pran yon wòl esansyèl, nouvo wòl nou pa ka estime pou kenbe edikasyon pitit ou sou bon wout, epi ou vin tounen yon patnè endispansab pou pwofesè yo. Gen anpil resous ki disponib nan schools.nyc.gov epi lekòl pitit ou a la tou pou ede w.

Nou toujou di ke Vil Nouyòk gen pi bon elèv pi bon anplwaye, ak pi bon fanmi nan mond lan, epi pa gen anyen k ap janm chanje sa. Ou kontinye pwouve sa se verite chak jou. Mèsi.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
 Chanselye
 Depatman Edikasyon Vil Nouyòk



Linda Chen
 Direktè akademik anchèf
 Depatman Edikasyon Vil Nouyòk